



## Pare Kò Nou!

# Plan Preparasyon Pou Fanmi Imigran<sup>1</sup>

Fòk chak fanmi ta prepare yon plan. Menm si nou pa janm swete pou ta gen pou sèvi ak plan'wlan, se yon bon bagay pou chak fanmi ta mete yon plan an plas pou evite panik ak sipriz. Pakè sa-a ap ede tout moun kreye yon plan preparasyon pou fanmi yo. Epitou, pakè sa-a gen pati ladan'l ki pale de chwa imigrasyon avèk Chache Konn Dwa'w ki pale de pwoblem fanmi imigran avèk fanmi ki gen manb ki gen plizieu stati imigrasyon konn rankontre.

## I. Planifye Ki Moun Ki Pwal Okipe Swen Pou Pitit Ou

Planifye pou yon gramoun ou gen konfyans ka okipe pitit ou si'w pa kapab. Plan sa-a fèt pou genyen nimewo ijans, yon lis enfòmasyon enpòtan, dokiman legal ki bay yon lòt moun pran desisyon pou ou avèk dosye ki gen dokiman enpòtan. Nan pakè sa-a, wap jwen enfòmasyon kijan pou rasanble dokiman sa yo.

## II. Chache Konnen Ki Opsyon Imigrasyon Ou Genyen

Dokimann sa-a ap ba ou enfòmasyon ki jan pou jwen asistans legal.

- Pale avèk yon konsiltan imigrasyon ki gen lisans.
- Si'w pa gen stati imigrasyon legal, chache konnen si'w kalifye pou jwen kat rezidans oswa yon lòt stati legal.
- Si'w te rantre ozetazini avèk yon viza avèk stati tanporè oubyen ou gen TPS oswa DACA, chache konnen si'w ka jwen yon kat rezidans.
- Si'w gen yon kat rezidans, chache konnen si'w ka vinn yon sitwayen ameriken.
- Si'w gen yon dosye arestasyon oubyen akizasyon kriminèl, chache konnen si sa ap afekte dosye imigrasyon'w.
- Si'w nan prizon oubyen ou nan pwosesis depòtasyon, mande yon odyans devan yon jij epi chache yon avoka pou ede'w sòti nan prizon epi goumen pou yo pa depòte'w.

## III. Chache Konn Dwa'w

Tout moun – Ke yo gen dokiman legal ou pa – yo gen dwa nan peyi sa-a. Asure'w ou menm, manb fanmi'w (menm timoun), moun ki rete nan kay avèk ou, vwazen avèk moun kap travay menm kote avèk ou, kèlkeswa stati legal yo, konnen dwa yo pou yo pa reponn kestyon, avèk tout lòt dwa yo si ICE oubyen lapolis vini lakay yo, nan vwazinaj yo, oubyen kote yap travay. Wap jwen yon lis tout dwa sa yo avèk yon kat ki afime tout dwa sa yo, anndan pakè sa-a.

---

<sup>1</sup> Adapte apati de yon gid pwodui pa Immigrant Legal Resource Center ([www.ilrc.org](http://www.ilrc.org)) pou sèvi nan Floride.

## I. Plan Pou Okipe Ptit Ou

### A. Pare Dokiman Enpòtan epi Fè Yon Lis Non ak Nimewo Ijans

Rasanble tout dokiman enpòtan epi mete yo yon kote an sekirite lakay ou. Wap jwen yon lis dokiman enpòtan nan pakè sa-a. Sonje mete pyès didantite. Fòk ou ta gen yon je dokiman pou chak timoun. Li ta bon pou ta kenbe yon lòt kopi pou chak dokiman orijinal. Asire'w tout manb fanmi-an, ptit ou avèk moun ki pou bay swen an ijans konnen kibò dokiman sa yo ye. Kreye yon dokiman kote wap mete tout nimewo ijans, non moun enpòtan avèk enfòmasyon ptit ou epi mete'l nan dosye sa-a.

### B. Deside Ki Moun Ki Pou Okipe Ptit ou Si'w Pa Kapab

Pale ak moun ou gen konfyans ou kwè ki kapab okipe ptit ou si'w pa kapab epi fè yo konnen wap mete yo nan lis ijans ou. Sonje nimewo telefòn yo epi mande ptit ou sonje nimewo yo tou. Asire'w moun ki gen dwa al chache ptit ou lekòl pou okipe yo, gen non yo liste nan lekòl ptit ou. Ba yo yon je kle kay ak machinn ou pou yo ka rantre lakay ou ak nan machinn ou pandan absans ou.

Lekòl ptit ou sèlman gen dwa pou remèt ptit ou bay yon moun ou deside. Donk toujou sonje pou mete ajou lis kontak ijans avèk non moun ki gen dwa al chèche ptit ou nan lekòl, aktivite aprè lekòl, jadandanfan, gadri, kan dete avèk tout lòt pwogram. Si'w gen dokiman entèdiksyon legal pou yon moun ou pa vle ki apwoche ptit ou, sonje bay kopi dokiman sa-a nan lekòl ptit ou tou.

### C. Diskite Plan-an Avèk Ptit Ou

San'w pa strese ptit ou twòp, fè yo konnen yo pa bezwen pè si yon bagay ta rive, fè yo konnen yap gen yon moun pou okipe yo si yon bagay ta rive'w menm pou yon ti tan tou kout. Fè yo konnen ki moun kap okipe yo jiskaske'w retounen. Montre yo ki kote yap jwen dosye ak dokiman enpòtan'w. Fè ti moun ou konnen ki moun ki gen dwa vinn chèche yo lekòl, ki moun ki pa gen dwa vinn chèche yo lekòl, avèk ki moun kap okipe yo.

### D. Ekri Tout Enstriksyon Si Ptit Ou Soufri Nenpòt Maladi Oubyen Nenpòt Bezwen Spesyal Li Genyen

Ekri tout pwoblemedikal oubyen alèji ptit ou genyen, nenpòt remèd lap pran, nenpòt konpòtman spesyal ptit ou konn genyen, avèk nenpòt lòt bezwen fisik oubyen nan domèn edikasyon pou ptit ou, enfòmasyon sou asirans medikal li, avèk enfòmasyon sou doktè kap okipe'l, dantis, sikyat, terapis oswa konseye. Ajoute tou enstriksyon kijan pou bay medikaman ptit ou ap pran avèk tout lòt detay spesyal. Kenbe yon kopi enfòmasyon sa yo nan dosye dokiman enpòtan'w. Bay yon kopi dosye sa-a nan lekòl ptit ou avèk gramoun ou deside ki pou okipe ptit ou. Montre ptit ou ki kote pou li jwen papye sa yo si'w pa la.

## **E. Asire'w Ptit ou Gen Paspò ak Batistè**

Si ptit ou te fèt ozetazini, vizite [www.travel.state.gov](http://www.travel.state.gov) oubyen rele National Passport Information Center nan (877) 487-2778 pou enfòmasyon sou kijan pou jwen yon paspò ameriken pou ptit ou.

Si ptit ou te fèt an Floride, vizite [www.floridahealth.gov](http://www.floridahealth.gov) oubyen rele Florida Department of Health, Bureau of Vital Statistics nan (904) 359-6900 pou enfòmasyon sou kijan pou jwen batistè pou ptit ou.

Si ptit ou te fèt lòtbò nan peyi kote'w fèt, tieke anbasad oubyen konsila peyi'w pou plis enfòmasyon pou'w konn kijan ou ka jwen yon paspò ak yon batistè. Wap jwen yon lis kontak pou konsila nan Sid Floride nan dokiman sa-a.

Si ptit ou te fèt ozetazini men li gen dwa resewwa sitwayente peyi kote'w fèt, ou gen dwa deklare nesans ptit ou bay gouvènman peyi'w nan konsila peyi kote'w fèt.

## **F. Chache Bay Yon Moun Ou Respekte Pouwva Pou Aji legalman Nan Non'w Epi Konsidere Bay Yon Fanmi'w Gad Tanporè Ptit ou**

Yon “Power of Attorney” se yon dokiman legal ki deziyen yon grannmoun ki pa fanmi'w oubyen yon zanmi'w pou pran desisyon nan zafè lajan, la lwa oubyen pou swen ptit ou nan non'w padan absans ou. Ou gen dwa chwazi moun sa-a pou okipe e pou pran swen ptit ou ; pou pran desisyon pou ptit ou ; pou regle zafè lajan'w ; pou jere biznis ou ; pou sèvi ak lajan'w pou peye lwavey'w, fè peman sou kay ou oswa pou paye depans legal ak nepòt lòt depans. Dokiman sa-a dwe pèmet adilt ou chwazi-a pou'l mete ptit ou lekòl epitou otorize swen medikal de baz pou ptit ou<sup>2</sup>. Li tanporè e li pa mande pou renonse a dwa paran ou jeran ou genyen. Gen limit nan sa dokiman sa-a ka fè. Pa ekzanz, lopital avèk doktè pap aksepte dokiman sa-a nan plas konsantman paran pou operasyon medikal annijans. Gen yon ekzanz nan pakè sa-a, men tanpri sonje modèl sa-a bon pou Florida sèlman. Li gen dwa pa valab nan lòt eta.

Anba lwa la Floride, paran gen dwa aksepte yon pwosedi legal pou bay gad tanporè oubyen an memm tan avè'l bay yon fanmi timoun minè-a “nan twazyèm degre san, oswa pa alyans ak paran-an” oubyen yon bo paran ki pa enplike nan oken pwosedi legal avèk oken nan paran yo kòm pati advès. Fla. Stat. §751.01, et seq. Sa se yon lòt opsyon pou konsidere si ptit ou gen fanmi ozetazini ki aksepte vinn chèchi ptit ou tou suit pou okipe yo pandan absans ou. Avantaj ki gen nan pwosedi sa-a se ke lap anpeche eta la Floride deside nan plas ou kimoun ki pwal okipe ptit ou si ICE vinn arete'w. Lè sa-a ptit ou pa oblige al rete avèk gadyen legal-la, li ka kontinye rete avèk ou oubyen avèk yon lòt moun ou te chwazi. Ou gen dwa fè yon antant avèk gadyen tanporè-a e avèk gadyen paralèl-la pou yo sèvi avèk lòd pou okipe ptit ou sèlman nan ka ou ta kite peyi-a. Yo rekòmande pou'w diskite avèk yon avoka spesyalize nan zafè lafanmi si'w vle anvisaje gad tanporè ouyen gad paralèl.

---

<sup>2</sup> Yo ka sèvi avè'l tou nan plas konsantman paran pou bagay ki an rapò avèk kay, kontravansyon lè'w depase limit vitès, avèk lè wap vwayaje.

## **G. Kreye Yon Plan Pou Jere Byen'w**

Deside alavans kisa ou vle fè avèk byen ou posede si'w oblige kite peyi-a. Si'w posede yon kay, machinn oswa lòt byen, wap oblige chwazi yon moun ou gen konfyans ki ka okipe vann oubyen transfere byen sa yo pou. Si'w gen lajan labank, wap gen pou chwazi yon moun ki ka jere kont yo oubyen fèmen yo pou ou. Ou ka chwazi sa yo rele yon "Durable Power of Attorney" ki se yon moun kap ka pran desisyon kijan pou jere byen'w avèk zafè lajan'w an pèmanans pandan absans ou. Bay moun sa-a ou fè konfyans-lan yon lòt je kle kay ou ak machinn pou li ka rantre nan kay ou ak machinn ou pandan ou pa la.

## **H. Avèti Fanmi'w ak Kontak Ijans Ou Kijan Pou Yo Jwen ou Si ICE Arete'w avèk Kijan Pou Yo Peye Kosyon Pou Ou**

Si Immigration & Customs Enforcement (ICE) arete'w epi ou pa kapab kontakte fanmi'w, manb fanmi'w ka sèvi ak lyen elektronik ki rele "ICE detainee locator" ki pou ede fanmi'w jwen ki kote ICE kenbe'w: <https://locator.ice.gov/odls/homePage.do>. Fòk yo genyen nimewo kat rezidans ou (A-number) ak peyi kote'w fèt, non konplè'w avèk dat ou fèt pou yo ka sèvi avèk lyen elektronik sa-a. A-number se nimewo dosye imigrasyon'w. Yo bay yon nimewo konsa a tout imigran ak moun kap aplike pou benefis imigrasyon. Li ekri sou kat rezidans ou, kat travay ou avèk lòt dokiman imigrasyon. A-number-a se yon nimewo ki genyen 8 a 9 chif ki kòmanse ak lèt "A". Asire'w ou kenbe enfòmasyon sa yo epi kenbe'l ansanm avèk lòt papye enpòtan menm kote ak enfòmasyon ijans. Si yo paka jwen ki kote ICE kenbe'w avèk lyen elektronik-la, fanmi'w ki nan Floride ka kontake biwo local ICE nan (954) 236-4900. Fanmi ak zanmi ap bezwen yon pyès didantite pou kapab vizite'w nan sant detansyon'w ye a. Fòk yo kontakte sant detansyon-an alavans pou verifye lè vizit yo. Wap jwen yon lis enfòmasyon sou sant detansyon nan Sid Floride nan pakè sa-a.

Si ICE arete'w, ou ka kalifye pou peye yon kosyon pou yo lage'w pandan fòmalite depòtasyon yo. Pi piti kòb pou bay kòm kosyon nan ICE se \$1500, malgre montan kosyon yo konn pi wo. Fòk ou peye montan total kosyon-an, malgre gen kèk konpayi kosyon ki ka finanse kosyon'w avèk valè kay ou oubyen machinn ou kòm kolateral. Depi ou respekte kondisyon kosyon-an epi ou reponn prezan nan tout vizit nan tribunal imigrasyon yo, yap remèt ou kòb kosyon-an lè ka-a finn konkli. Fòk ou reflechi kijan fanmi'w ap ka peye kòb kosyon si yo arete'w. Moun kap peye kosyon pou ou a fèt pou sitwayen ameriken oubyen rezidan.

## II. Chache Konnen Opsyon Imigrasyon'w

Pase pa yon òganizasyon san bi likratif pou'w jwen yon avoka imigrasyon lisansye ki gen yon biwo prive ki ka enfòme'w si gen lòt opsyon pou ka jwen yon kat rezidans, yon pèmi travay, yon viza oswa nenpòt lòt jan li ka pwoteje'w pou yo pa depòte'w. Epitou, kenbe nimewo avoka sa-a nan ka ou ta gen pwoble avèk ICE.

### Atansyon! Pwoteje Tèt Ou Kont Avoka Tèt Chat «Notario»!

Se avoka ki gen lisans oubyen yon reprezantan akredite sèlman ki otorize e kalifye pou ede'w nan dosye imigrasyon'w. Pa bay kòb bay avoka tèt chat "Notario" oubyen nenpòt moun ki:

- Refize ba'w yon kontra alekri;
- Fè'w peye pou fòm vid imigrasyon;
- Pwomèt ou yap regle dosye'w pou tèt yo gen bon kontak nan imigrasyon;
- Pran pòz yo se avoka kalifye oubyen yo se konsiltan atache nan biwo imigrasyon;
- Mande'w pou bay manti nan yon fòm oubyen mande'w siyen yon fòm ki poko rampli; oubyen
- Fè'w peye pou mete'w sou yon "lis datant" oubyen "mete aplikasyon-la nan liy datant." Pa gen ni lis ni liy datant.

Si'w sispèk gen fwod, pale konsila'w oubyen lapolis, oubyen kontakte Federal Trade Commission pou depoze yon plent an anglè ou an espanyol nan 877-FTC-HELP (877-382-4357). Vizite Sispan Fwod Avoka Tèt Chat pou plis enfòmasyon ak detay nan: <http://www.stopnotariofraud.org/>

Fè Sa'w kapab koulye-a pou pwoteje tèt ou avèk fanmi'w ozetazini.

- Konsilte yon avoka imigrasyon lisansye. Pa konte sou Avoka Tèt Chat, konsiltan oubyen moun ki pa avoka. Pa koute konsey oubyen lide fanmi oswa zanmi sou bagay ou li sou entènèt oubyen ou tande nan televisyon. Se yon avoka lisensye sèl ki ka ba'w bon konsèy legal pou sikorans pa'w.
- Si'w pa gen stati imigrasyon, chache konnen si'w pa kalifye pou gen yon kat rezidans oubyen yon lòt kalite stati imigrasyon legal.
- Si'w ozetazini avèk yon viza oubyen ou gen TPS oubyen DACA, chache konnen si'w kalifye pou rezidans.
- Si'w gen yon kat rezidans, chache konnen si'w kalifye pou vinn yon sitwayen ameriken.
- Si'w gen yo dosye arestasyon kriminèl oubyen kondanasyon, chache konnen si sa ap afekte stati imigrasyon'w.
- Si yo arete'w oubyen si ou nan demach pou yo depòte'w, mande pou ka parèt devan yon jij epi mande yon avoka pou ede fè yo lage'w epi goumen pou yo pa depòte'w.

**Chache yon avoka imigrasyon lisansye oubyen yon ajans ki pa mande peye pou bay sèvis legal**

Chapit Sid Floride Asosyasyon Avoka Imigrasyon Ameriken (AILA) genyen plis pase 800 manb ki se avoka imigrasyon lisansye kap pratike la lwa nan Sid Floride. Sèvi ak lyen elektronik "Jwen yon avoka" yo genyen sou site entènet yo pou ka jwen yon avoka imigrasyon tou pre'w - <https://ailasouthflorida.org/about-us/findalawyer/>. Ou ka ale tou nan [www.ailalawyer.com](http://www.ailalawyer.com) pou ka jwen avoka imigrasyon an deyò Sid Floride. Gen anpil avoka imigrasyon ki bay rabè nan premye vizit yo. Sepandan si'w pa kapab peye yon avoka prive, you gen dwa kontakte yonn nan ajans lokal a bi non likratif ki bay asistans legal gratis oubyen a ba pri pou moun ki kalifye pou sèvis selon nivo lajan yo. Wap jwen yon lis ajans sa yo nan pakè-a.

### **Chache Konnen Si'w Anba Depòtasyon Akselere (Depòtasyon San'w Pa Pase Devan Yon Jij Imigrasyon)**

Administrasyon kap dirije nou koulye-a ogmante kantite fwa yo aplike "depòtasyon akselere", yon modèl depòtasyon kote yon ofisyé imigrasyon deside pou depòte yon moun san'l pa pase devan yon jij nan tribinal. Lontan yo te konn aplike modèl depòtasyon sa-a kont moun yo arete nan mwens pase 100 mèt bò fwontyè-a epi ki te vini ozetazini depi 14 jou ou mwens. Koulye-a, yo aplike depòtasyon akselere nan tout etazini pou moun ki pa gen dokiman legal e ki te rantre ozetazini depi mwens ke 2 zan. Sa vle di moun ki te ozetazini depi plis pase 2 zan dwe chache dokiman ki ka pwouve depi ki lè yo te vini ozetazini. Dokiman sa yo ta dwe anpeche yo aplike depòtasyon akselere si ICE arete yo, yap mete yo nan pwosesis depòtasyon nòmal devan yon tribinal imigrasyon.

Yon lòt kote, sak pat ozetazini plis pase 2 zan dwe chache konnen si yo kalifye pou azil, kanpe sou depòtasyon oubyen lòt pwoteksyon anba Konvansyon Kont Tòti (CAT). Sa yo se kèk modèl èd baze sou de rezon byen dokimante kote ou pè retounen nan peyi'w paske ou krenn pèsekisyon ak tòti. Dokiman sa-a pa yon bon plas pou yon diskisyon detaye sou kalite èd sa yo, toutokontré moun ta dwe pale de kestyon sou azil, kanpe sou depòtasyon avèk èd sou baz Konvansyon Kont Tòti avèk yon avoka imigrasyon lisansye.

### III. Chache Konn Dwa'w<sup>3</sup>

**Rete kalm epi pa eseye kouri.  
Si'w kouri, ICE oubyen lapolis ka sèvi ak sa kont ou**

#### **Tout moun – ke yo gen dokiman, ke yo pa gen dokiman – gen dwa nan peyi sa-a.**

Pale ak tout moun nan fanmi'w (menm timoun yo), avèk tout moun ki rete nan kay-la pou asire'w tout moun konnen kisa pou yo fè si yon ofisyel imigrasyon (ICE) vinn pale avèk yo oubyen vini lakay ou.

#### **A. ICE Nan Pòt Lakay ou**

**Ou pa oblige louvri pòt-la.** Pa louvri pòt-la pou ICE oubyen okenn ofisyel polis si yo pa gen yon manda siyen ki otorize yo fouye. Ou pa oblige louvri pòt-la sòf si ofisyel ICE-la montre'w yon manda valid ki gen siyati yon jij avèk non'w ak adrès ou byen ekri. Si ICE frape nan pòt ou, mande yo pou yo glise manda-a anba pòt-la oubyen nan yon fenèt. Verifye si manda-a gen siyati yon jij avèk si li gen adrès ou sou li. Si ICE oubyen lapolis pa gen dokiman sa-a, ou pa oblige louvri pòt-la. Onfwa ou louvri pòt-la, wap pèdi yon seri de dwa. Yon manda depòtasyon ICE pa menm bagay avèk yon manda pou fouye e li pa gen siyati yon jij. Si se sèl dokiman sa-a yo genyen, legalman, yo pa gen dwa rantre nan kay-la sòf si ou ba yo otorizasyon vèbal pou yo rantre.

**Toujou kenbe yon kat rouj Chache Konn Dwa'w sou ou avèk bò kote pòt ou.** Ou ka glise'l anba pòt-la pou ICE – li eksplike dwa'w e li eksplike ke ou pa oblige louvri pòt-la. Montre pitit ou ak lòt moun ki nan kay-la kijan pou yo glise'l anba pòt-la.

**Usted tiene derechos constitucionales.**

- **NO ABRA LA PUERTA SI UN AGENTE DEL SERVICIO DE INMIGRACION ESTA TOCANDO A LA PUERTA.**
- **NO CONTESTE NINGUNA PREGUNTA DEL AGENTE DEL SERVICIO DE INMIGRACION SI EL TRATA DE HABLAR CON USTED.** Usted tiene derecho a mantenerse callado. No tiene que dar su nombre al agente. Si está en el trabajo, pregunte al agente si está libre para salir y si el agente dice que sí, váyase. Usted tiene derecho de hablar con un abogado.
- **ENTREGUE ESTA TARJETA AL AGENTE. NO ABRA LA PUERTA**

I do not wish to speak with you, answer your questions, or sign or hand you any documents based on my 5th Amendment rights under the United States Constitution.

I do not give you permission to enter my home based on my 4th Amendment rights under the United States Constitution unless you have a warrant to enter, signed by a judge or magistrate with my name on it that you slide under the door. I do not give you permission to search any of my belongings based on my 4th Amendment rights.

GCC/IBT 1324-M

I choose to exercise my constitutional rights.

These cards are available to citizens and noncitizens alike.

<sup>3</sup> Adapte pou itilizasyon apati de gid ki pwodui pa Immigrant Legal Resource Center ([www.ilrc.org](http://www.ilrc.org)), avèk adisyon ki sòti nan feyè enfòmasyon AILA avèk ACLU Chache Konn Dwa'w.

## B. Konvèsasyon avèk ICE Lakay ou, Nan Travay ou, an Piblik avèk Nan Espas kominotè

**Ou gen dwa pou rete an silans.** Ou pa oblige pale avèk ICE oubyen reponn kestyon yo. Ou gen dwa refize pale avèk yon ajan ICE. Si'w chwazi pou pa reponn, di sa byen fò: "Map ekzèse dwa'm pou'm pa reponn." Di ou pa vle pale jiskaske ou pale avèk yon avoka. Ou gen dwa montre kat Chache Konn Dwa'w-la ki eksplike ou pa vle reponn. Fè ptit ou avèk moun nan kay-la apran di ICE "Non". Pa reponn okenn kestyon, espesyalman sou kote ou fèt, stati imigrasyon'w oubyen kijan ou te rantre ozetazini. Pa bay okenn enfòmasyon pèsonèl sou ou menn oubyen lòt moun nan fanmi'w. Si'w pa gen dokiman imigrasyon legal, pa bay ni batistè lòt peyi, paspò oubyen lòt pyès didantite ki di ki kote'w fèt. Si'w chwazi pou pale, pa bay manti.

Si yo rete'w nan lari oubyen yon kote an piblik, mande si'w gen dwa al fè wout ou. Si ofisye-a di non, ou gen dwa ekzèse dwa'w pou pa reponn. Si ofisye-a di wi, deplase san reponn kestyon. Ou gen dwa refize tou pou yo fouye'w. Si yo rete'w pou poze'w kestyon san yo pa arete'w, ou pa oblige dakò pou yo fouye'w, fouye machinn ou oubyen efè pèsonèl ou, men yon ofisye gen dwa pou li tate rad ou si ofisye-a sispèk ou gen zam sou ou.

Si ICE debake nan travay ou, fòk yo gen yon manda valid pou fouye oubyen yon otorizasyon nan men boss ou pou rantre nan biwo prive yo. Si ICE rantre nan travay ou, pa panike epi pa kouri. Si ou pè epi ou santi'w anvi ale, ou gen dwa mache tou dousman nan direksyon pòt sóti-a. Si yo rete'w, mande si'w gen dwa al fè wout ou. Si ofisye-a di non, pa eseye kite biwo-a. Si yo poze'w kestyon, di yo ou pa vle pale. Si ofisye yo di'w pou kanpe nan yon gwoup suivan stati imigrasyon'w, ou pa oblige bouje, oubyen ou gen dwa al kanpe yon lòt kote ki pa desiyen pou yon gwoup an patikilye.

NÒT: School Board Broward County pase yon rezolisyon ki di zònne lekòl yo se yon kote ki pou bay sekirite pou tout elèv, e ki entèdi ekzèsis aktivite imigrasyon nan lakou lekòl yo. Tout elèv byenveni nan lekòl piblik nan Broward County, kèlkanswa stati imigrasyon yo, e yo ta dwe santi yo an sekirite lè yap suiv klas yo.

**Dokimante e rapòte desant lapolis avèk arrestasyon.** Si'w ka fè sa an tout sekirite, fè foto ak vidyeo desant lapolis avèk arrestasyon. Si'w pa santi'w an sekirite pou fè sa, mande senpatizan avèk temwen pou fè vidyeo e pran foto. Ekri nimewo badj, kantite ofisye, non ofisye yo. Ekri sak rive-a tou suit pou pa blye detay. Si ofisye rantre lakay ou san manda oubyen otorizasyon vèbal ou, ekri non yo ak nimewo badj yo.

## C. Nan Aewopò oubyen Sou Fwontyè

Lè wap rantre oubyen retoune ozetazini, ofisyè kap aplike la lwa nan aewopò ak sou fwontyè, tankou ofisyè ladouann ak Pwoteksyon Fwontyè (CBP), Transportasyon ak Administrasyon Sekirite, avèk Patwòl sou Fwontyè, gen otorite pou rete, arete oubyen fouye nenpòt moun oubyen malèt yo epi poze kestyon osijè sitwayente, stati imigrasyon avèk itinerè vwayaj yo. Sa valab si yo wè nenpòt bagay sispèk sou ou oubyen nan malèt ou ou pa. Epitou, yap pran anprent tout moun ki pa sitwayen ameriken lè wap rantre ozetazini sòti lòtbòdlo. Ofisyè yo gen dwa deside si moun ki pa sitwayen ameriken gen dwa rantre nan peyi-a ou pa. Si'w pa yon sitwayen ameriken, yo gen dwa anpeche'w rantre nan peyi-a si'w refize reponn kestyon. Yo pa gen otorite pou chwazi'w pèsonèlman pou poze'w kestyon oubyen fouye'w oubyen fè'w pase nan enspeksyon segondè sou sèl baz relijon'w, ras ou, kote'w sòti, si'w se yon gason oubyen yon fi, etnisite'w oubyen kwayans politik ou.

Si'w se yon sitwayen ameriken oubyen yon rezidan, ou pa gen pou reponn kestyon sou kwayans relije'w avèk pratik oubyen opinyon politik ou, e yo paka enpeche'w rantre ozetazini paske ou refize reponn kestyon sa yo. Si se yon viza ou genyen, ou gen dwa refize reponn kestyon sa yo tou, men fòk ou konnen lè'w fè sa, sa ka okasyone ou pèdi plis tan, yo ka poze'w plis kestyon epi tou yo ka enpeche'w rantre nan peyi-a. Si'w santi kestyon yo poze'w yo baze sou kwayans relije ou politik ou, ou gen dwa mande pale avèk yon sipèvizè. Ou gen dwa pale ak yon avoka tou, men se sitwayen ameriken sèl kap toujou gen dwa pale avèk yon avoka avan yo reponn kestyon. Sepandan, si yo di'w ou sou arestasyon oubyen yo sispèk ou komèt yon krim, ou gen dwa pale avèk yon avoka avan ou reponn okenn kestyon menm si'w pa yon sitwayen ameriken.

Ou gen dwa genyen nenpòt bagay sou tèt ou selon relijon'w e ou ka deklare dwa sa-a si yo mande'w pou retire'l lè wap pase sekirite nan aewopò-a. Sepandan, ofisyè yo gen dwa mande plis verifikasyon si yon alam deklenche. Yo ka tate kouvèti ou gen sou tèt ou-a oubyen yo ka mande'w retire'l. Ou gen dwa mande pou fè sa nan yon pyès prive avèk yon moun menm sèks avèk ou. Si'w pa vle ofisyè-a manyen sak sou tèt ou-a, fòk ou di sa, epi fòk ou di ou ta prefere tate sak sou tèt ou-a pou kont ou. Aprè ou finn tate tèt ou, ofisyè-a gen dwa verifye men'w pou teste si'w pa gen kèk rès pwodui chimik.

Si yo di'w ou pa ka rantre nan peyi-a epi ou krenn pèsekisyon oubyen move tretman nan peyi kote'w sòti, fòk ou di ofisyè-a ou pè epi mande'l azil.

## D. Si ICE Kenbe'w

**Ou gen dwa pou pa pale, MEN di yo ou gen timoun.** Jan nou di talè-a, ou pa oblige reponn kestyon. Sepandan, si'w gen timoun piti lakay ou, fòk omwen ou di ICE ou gen timoun, ke yo pa bezwen kenbe'w, e ke wap obeyi tou sa yo mande'w si yo lage'w. Enfòmasyon sa-a ka fè yo lage'w. Si premye ofisyè-a deside kenbe'w kanmenm, kontinye di sa a tout lòt ofisyè ICE ou rankontre. Ou pa bezwen di ofisyè yo stati imigrasyon pitit ou yo si yo pa gen dokimantasyon legal, men sa ka ede'w si'w di ICE timoun ou yo se ameriken oubyen rezidan. Di ofisyè kap arete'w-la ou bezwen fè yon kout fil pou avèti yon moun pou okipe pitit ou. Si yo di'w ou pa gen dwa fè yon kout

fil, kontinye ensiste di ou bezwen yon telefòn pou asire sante ak byennèt pitit ou.

**Ou gen dwa pou pale ak yon avoka avèk dwa pou fè yon kout fil.** Si yo arete'w epi yo kenbe'w an detansyon, you gen dwa pou kontake yon avoka tou suit. Mande pou pale ak avoka'w epi pou'w ale devan yon jij imigrasyon. Toujou asire'w ou mache ak telefòn yon avoka imigrasyon sou ou tout tan. Memm si'w poko enplwaye yon avoka, ou gen dwa di ofisye imigrasyon yo ou vle pale ak yonn. Ou gen dwa tou pou kontake konsila'w.

**Ou gen dwa refize siyen okenn dokiman avan'w pale avèk yon avoka.** Pa siyen okenn dokiman ou pa konprann e ou pa dakò. Si'w siyen dokiman sa yo, ou ka elimine dwa'w pou pale ak yon avoka oubyen pou gen yon rankont avèk yon jij imigrasyon. Sa ka koze yo depòte'w tou suit san'w pa parèt devan yon jij. Pa pran nan presyon ofisye imigrasyon kap fose'w siyen dokiman avan ou pale avèk yon avoka. Rete djanm e di klèman ou pap siyen. Sepandan, si yo ba ou yon dokiman ki di yap lage'w sou pwòp rekonesans ou epi li ekri nan lang manman'w, ou mèt siyen'l pou yo ka lage'w.

## E. Lòt Resous

### Konsila Peyi'w

Mache ak enfòmasyon konsila peyi'w ki pi pwòch-la. Anpil konsila gen nimewo ijans si'w ta bezwen asistans ijan. Mache ak nimewo sa-a ekri yon kote nan ka ofisye imigrasyon ta arete'w. Wap jwen yon lis kontak pou konsila nan Sid Floride.

#### Dokiman Ou Pa Dwe Gen Sou Ou

- Toujou mache avèk yon kat travay valid oubyen kat rezidans ou si ou genyen'l. Si'w pa genyen, an jeneral, li rekòmande pou mache ak yon pyès didantite minisipal, yon pyès didante leta, oubyen lisans ou si li te emèt ozetazini e si li pa genyen okenn enfòmasyon sou stati imigrasyon'w oubyen peyi kote'w fèt.
- Toujou gen sou ou yon kat rouj pou ekzèse dwa pou pa pale sizanka ICE oubyen lapolis arete'w e ap poze'w keston.
- Toujou mache ak nimewo telefòn yon avoka imigrasyon oubyen yon ajans a bi non likratif kap bay sèvis imigrasyon legal pou ka rele nan ka ijans.
- Pa mache avèk okenn dokiman ki di ki kote ou fèt, tankou batistè, paspò, pyès didantite konsilè oubyen kat didantite nasyonal.
- Pa mache ak okenn fo pyès didantite oubyen fo dokiman imigrasyon.

## **Dosye Dokiman Enpòtan**

*Kenbe yon dosye ak tout dokiman sa yo oubyen yon kopi dokiman sa yo nan yon kote ki an sekirite. Di pitit ou, ak manb fanmi'w avèk moun ki pou okipe fanmi'w anka ijans ki kote pou yo jwen dosye sa-a le gen ijans.*

- Paspò
- Batistè
- Lisans Maryaj (si sa aplike a ou menm)
- Dokiman Legal Pou Otorize Yon Moun Aji Pou Ou (si sa aplike a ou menm)
- Nenpòt Dokiman ou genyen Ki Entedi yon Moun Apwoche'w (si sa aplike a ou menm)
- A-Nimewo avèk tout lòt dokiman imigrasyon (pèmi travay, kat rezidans, viza, etc.)
- Lisans e/oubyen Lòt Kat Didantite
- Kat Sekirite Sosyal oubyen Nimewo ITIN
- Enrejistreman Nesans (pou timoun ki fèt ozetazini ki enregistre nan peyi kote paran yo fèt) (si sa aplike a ou menm)
- Enfòmasyn Enpòtan Sou Pitit ou
- Nimewo Ijans avèk Nimewo Kontak Enpòtan
- Enfòmasyon Medikal Timoun yo, avèk Asirans Medikal, Lis Medikaman, avèk Enfòmasyon kontak doktè yo
- Dokiman Lekòl pou Timoun yo
- Evidans ou te vinn ozetazini depi plis pase 2 zan, si sa aplike a ou menm, tankou dokiman taks, bòdwo kouran ak dlo, dokiman labank, dosye medikal, peman bon machinn, kontra lwaye avèk resu.
- Tout lòt dokiman ou bezwen jwen rapidman

## **Nimewo Ijans avèk Nimewo Kontak Enpòtan**

*Kenbe enfòmasyon sa-a yon menm kote pou ou menm ak fanmi'w ka jwen yo fasilman.*

<b>Nimewo Ijans</b>	
Ijans Imedyat	911
Depatman Lapolis	
Ponpye	
Kontwol Pwazon	
<b>Kontak Fanmi</b>	
Manman/Paran/Gadyen	
Telefòn Kay-li	
Selilè	
Adrès Travay	
Telefòn Travay	
A# Manman, Dat Nesans, Peyi Li Fèt	
Papa/Paran/Gadyen	
Telefòn Kay-li	
Selilè	
Adrès Travay	
Telefòn Travay	
A# Papa, Dat Nesans, Peyi Li Fèt	
Lòt Kontak Ijans/Relasyon	
Selilè	
Lòt Kontak Ijans/Relasyon	
Selilè	
Lòt Kontak Ijans/Relasyon	
Selilè	

<b>Lòt Kontak</b>	
Doktè/Pedyat	
Nimewo Telefòn	
Konpayi Asirans Maladi	
Nimewo Polis	
Sikyat/Terapis/Konseye	
Nimewo Telefòn	
Konpayi Asirans Maladi	
Nimewo Polis	
Dantis	
Nimewo Telefòn	

Lòt Kontak	
Konpayi Asirans Dantè	
Nimewo Polis	
Enstriksyon Spesyal (remèd, alèji, etc.)	
Mak Machinn/Modèl	
Nimewo Plak	
Konpayi Asiran Machinn	
Nimewo Polis Asirans	
Nimewo Telefòn	
Konsila	
Adrès	
Nimewo Telefòn	
Avoka/Biwo Sèvis Legal Gratis	
Adrès	
Nimewo Telefòn	
Broward 2-1-1 (liy pou pale dirèk avèk yon moun pou jwen èd)	211 oubyen (954) 537-0211

## Enfòmasyon Enpòtan Sou Timoun Yo

*Kenbe enfòmasyon sa yo pou moun ou chwazi pou okipe timoun ou yo lè'w pa la, ka genyen tout enfòmasyon yo bezwen.*

Non Timoun Nan	
Dat li fèt	
Nimewo Selilè (si li genyen)	
Lekòl	
Adrès Lekòl	
Telefòn Lekòl	
Non Pwofesè	
Nimewo Klas	
Pwogram Aprè Lekòl	
Nimewo Telefòn Pwogram Aprè Lekòl	
Lòt Kan/Spò/Pwogram	
Telefòn Lòt Kan/Spò/Pwogram	
Alèji	
Maladi	
Remèd	
Nimewo Telefòn Doktè	
Adrès Doktè	
Asirans Maladi	
Bezwen Spesyal/Konsila	

OTORIZASYON LEGAL POU PRAN SWEN AK OKIPE TIMOUN

## POU KONESANS TOUT MOUN:

Mwen, \_\_\_\_\_, ki rete \_\_\_\_\_, \_\_\_\_\_  
Non Paran Vil Eta  
se paran naturel \_\_\_\_\_, (Dat Nesans: / / ),  
Non 1e ptit mwa/jou/ane  
\_\_\_\_\_, (Dat Nesans: / / ), \_\_\_\_\_,  
Non 2è ptit mwa/jou/ane Non 3è ptit  
(Dat Nesans: / / ), avèk \_\_\_\_\_, (Dat Nesans: / / ), bay otorizasyon a:  
mm/dd/yy mm/dd/yy  
Non 4è ptit \_\_\_\_\_, (Dat Nesans: / / ),  
Relasyon, pa ekzanz matant, zanmi, etc. Non moun ki pral okipe timoun yo mwa/jou/ane  
Ki rete \_\_\_\_\_,

Adrès Ri, Vil, Eta, Zip Kòd

En ka na kapah rampli devwa sa vo

Non moun ki pral okine timoun yo

**Nan mean li pote okipe timoun piti yo, mwen nome**

Belasyon tankou matant zanmi etc

Non moun ki pral okine timoun yo

(Dat Nesans: / / ), kòm lòt reprezentan timoun minè yo.

mwa/ion/ane

Tout sa ki an rapò avèk santé, edikasyon avèk byennèt timoun minè mwen yo

and, on average, cannot mean more than 10% of  $\sqrt{N}$ .

\_\_\_\_\_, \_\_\_\_\_, \_\_\_\_\_, ak \_\_\_\_\_, avèk tou tout lòt gwo desisyon ki ka afekte meyè enterè timoun minè yo.

Sante; swen doktè ak swen dantè, routinn ak ijans epi tou pou yo ba yo tout enfòmasyon o konplè e detaye sou tout pedyat, doktè, dantis, doktè kap bay swen sante ak sante mantal, konsiltan oubyen spesyalis kap okipe timoun minè yo pou kèlkeswa moun nan.

Edikasyon, enskripsyon, sèvis edikasyon espesyal avèk ekzamen, aktivite ki diferan de aktivite lekòl avèk tout lòt pwogram ki pa gen rapò ak lekòl kote minè-a (yo) enregistre.

Sante; vakans, vwayaj avèk koreksyon timoun nan (yo).

Tout bagay legal ki enlike timoun yo avèk ladan'l dwa pou chache sipò finansye pou timou yo avèk sipò medikal.

Dokiman sa-a ki bay moun nou site yo pouvwa nou mansyone yo, pap afekte si moun ki ekri'l la ta vinn domaje oswa enkapab aprè li finn siyen.

**Kòm Temwen**, mwen siyen non mwen e mwen mete so mwen jodi-a \_\_\_\_\_, nan mwa \_\_\_\_\_, 2017.

### **Prensipal (Siyati Paran)**

## Prensipal (Non Paran an Tout Lèt)

## Temwen 1 (Siyen & Ekri Non'w an Tout Lèt)

Temwen 2 (Siyen & Ekri Non'w an Tout Lèt)

## ETA FLORIDE COUNTY

Dokiman sa-a te rekonèt devan mwen nan jou ki \_\_\_\_\_ nan mwa \_\_\_\_\_, 2017,  
pa \_\_\_\_\_, ki parèt pèsonèlman devan mwen \_\_\_\_\_, e ke mwen konnen  
pèsonèlman \_\_\_\_ OUBYEN \_\_\_\_\_ ki montre mwen \_\_\_\_\_ kòm pyès didantite.

---

Ekri, Tape oubyen Mete so Notè Piblik-la

---

Siyati Notè-a

(So Notè-a)

## **Sant Detansyon ICE nan Sid Floride – Kontak Enfòmasyon**

Broward Transitional Center (BTC)  
3900 N. Powerline Rd.  
Pompano Beach, FL 33073  
(954) 973-4485

Krome Service Processing Center (Krome)  
18201 SW 12<sup>th</sup> St.  
Miami, FL 33194  
(305) 207-2001

Glades County Detention Center  
1297 East SR 78  
Moore Haven, FL 33471  
(863) 946-1600

**Ajans a Bi Non-Likratif Ki Bay Asistans Pou Dosye Imigrasyon – Lis Referans Pou LAS Broward**  
**Gratis oubyen Tarif Selon Moyen'w/Tarif Redui**

DECHAJ: Legal Aid Service of Broward County, Inc. (“LAS Broward”) kenbe lis sa-a nan bi pou fè referal sèlman. LAS Broward paka andose oubyen bay okenn garanti sou sèvis lòt òganizasyon, paske LAS Broward pa ni patisipe ni pa responsab desisyon ak pèfòmans lòt òganizasyon.

<b>BROWARD COUNTY</b>	
Legal Aid Service of Broward County, Inc. 491 North State Road 7 Plantation, FL 33317 (954) 358-5647 (Nòt: Malgre sèvis yo gratis, reprezentasyon yo limite a timoun minè ki pou kont yo, viktim krim ak vyolans domestik.)	Catholic Legal Services (Broward County Office), campus of St. Stephen Catholic Church 6081 SW 21 <sup>st</sup> St. Miramar, FL 33023 (954) 306-9537 <a href="http://www.cclsmiami.org">www.cclsmiami.org</a>
Church World Service Immigration & Refugee Program 3409 NW 9 <sup>th</sup> Ave., Suite 1101 Oakland Park, FL 33309 (954) 689-6466	St. Thomas University School of Law Human Rights Institute (Broward County Office) 12399 SW 53 <sup>rd</sup> St., 2 <sup>nd</sup> Flr. Cooper City, FL 33330 (954) 322-6502
<b>MIAMI-DADE COUNTY</b>	
Americans for Immigrant Justice 3000 Biscayne Blvd., Ste. 400 Miami, FL 33137 (305) 573-1106 <a href="http://www.aijustice.org">www.aijustice.org</a>	American Friends Immigrant Services 1175 NE 125 <sup>th</sup> St., Suite 417 North Miami, FL 33161 (305) 600-5441 <a href="http://www.afsc.org/office/miami-fl">www.afsc.org/office/miami-fl</a>
Catholic Legal Services (Biwo Doral) 7855 NW 12 <sup>th</sup> St., Ste. 114 Doral, FL 33126 (305) 887-8333 <a href="http://www.cclsmiami.org">www.cclsmiami.org</a>	Catholic Legal Services (Biwo Prensipal) 28 W. Flagler St., 10 <sup>th</sup> Flr. Miami, FL 33130 (305) 373-1073 <a href="http://www.cclsmiami.org">www.cclsmiami.org</a>
Church World Service Immigration & Refugee Program 1921 NW 84 <sup>th</sup> Ave. Doral, FL 33126 (305) 774-6770	Colombian American Service Association (CASA) 10300 SW 72 <sup>nd</sup> St., Suite 387 Miami, FL 33173 (305) 463-7468
Florida International University College of Law, Carlos A. Costa Immigration & Human Rights Clinic 11200 SW 8 <sup>th</sup> St., Rafael Diaz-Balart 1010 Miami, FL 33199 (305) 348-3389	St. Thomas University School of Law Human Rights Institute 2650 SW 27 <sup>th</sup> Ave., Ste. 304 Miami, FL 33133 (305) 441-5240
St. Thomas Univ. School of Law Immigration Clinic 16401 NW 37 <sup>th</sup> Ave. Miami Gardens, FL 33054 (305) 623-2309	Univ. of Miami School of Law Immigration Clinic 1311 Miller Drive, E273 Coral Gables, FL 33146 (305) 284-6092

<b>MIAMI-DADE COUNTY (swit)</b>	
VIDA Legal Assistance 27112 S. Dixie Hwy. Naranja, FL 33032 (786) 525-9178 or (786) 601-6234	
<b>PALM BEACH COUNTY</b>	
Catholic Charities Legal Services (Riviera Beach) 100 W. 20 <sup>th</sup> St. Riviera Beach, FL 33404 (561) 345-2003	Catholic Charities Legal Services (Stuart) 1300 E. 10 <sup>th</sup> St. Stuart, FL 34995 (772) 463-0445
<b>COLLIER COUNTY</b>	
Legal Aid Service of Collier County (Immokalee Office) 1402 Newmarket Road West Immokalee, FL 34142 (239) 657-6996	Legal Aid Service of Collier County (Naples Office) 4125 Tamiami Trail East Naples, FL 34112 (239) 775-4555
<b>THROUGHOUT SOUTH FLORIDA</b>	
American Immigration Lawyers Association (“AILA”) South Florida Chapter Pro Bono Committee <a href="mailto:probono@ailasouthflorida.org">probono@ailasouthflorida.org</a>	

KALIFIKASYON / KI JAN POU JWEN YON AVOKA IMIGRASYON PRIVE: Kontréman a sistèm jistis kriminèl-la, gouvènman pa bay sèvis avoka gratis (defandè publik) nan tribunal imigrasyon. Pi fò nan òganizasyon ki sou lis sa-a ekzige’w peye selon nivo mwayen finansye’w paske sèvis legal gratis ou bon mache rezèv pou moun ki pa gen gwo mwayen. Moun ki fè ase lajan pou yo enplwaye yon avoka prive ka vizite <https://ailasouthflorida.org/about-us/findalawyer/> oubyen <http://www.ailalawyer.org/> pou jwen yon avoka imigrasyon nan zòn yo ye-a.

AVÈTISMAN SOU PRATIK LA LWA SAN LISANS: Tout moun dwe al wè yon avoka lisansye pou avi legal oswa asistans. Gen yon seri de ajans a bi non-likratif ki genyen “reprezantan akredite” ki pa avoka men ki otorize pou bay kèk sèvis limite nan yon seri de ka imigrasyon. Pinga w’al jwen yon “avoka tèt chat oubyen “notario,” “paralegal,” oswa “konsiltan imigrasyon.” Moun sa yo pa avoka, yo paka reprezante moun ki nan pwosesis imigrasyon. Yap komèt yon enfraksyon grav an Floride si yo bay avi legal, menm si yap “rampli fòm” sèlman. ” Fla. Stat. §454.23. Lavi avèk rèv anpil imigran detwi nan koute fo pwomès avèk move konsey “notario” sa yo ap bay.

Consulates in South Florida

<b>Consulate</b>	<b>Address</b>	<b>Phone Number</b>	<b>Email</b>
Antigua and Barbuda	25 SE 2nd Avenue, Suite 300, Miami, FL 33131	305-381-6762	<a href="mailto:cganubar@bellsouth.net">cganubar@bellsouth.net</a>
Argentina	1101 Brickell Ave, North Tower, Ste 900, Miami, FL 33131	305-373-1889	<a href="mailto:cmiam@cancilleria.gov.ar">cmiam@cancilleria.gov.ar</a>
Bahamas	25 SE 2nd Avenue, Suite 600, Miami, FL 33131	305-373-6295	<a href="mailto:bcgmia@bellsouth.net">bcgmia@bellsouth.net</a>
Barbados	2121 Ponce De Leon Blvd, Suite 1300, Coral Gables 33134	305-442-1994	<a href="mailto:miami@foreign.gov.bb">miami@foreign.gov.bb</a>
Belgium*	990 Biscayne Blvd, Suite 701, Miami, FL 33131	305-600-0982	<a href="mailto:consulmiami@gmail.com">consulmiami@gmail.com</a>
Belize*	1600 Ponce De Leon Blvd, Suite 904, Coral Gables, FL 33134	305-755-0276	<a href="mailto:belizeconsulate@gmail.com">belizeconsulate@gmail.com</a>
Bolivia	3750 NW 87th Ave, Suite 240, Doral, FL 33178	305-358-6303 ext. 103	<a href="mailto:generalconsulate@bellsouth.net">generalconsulate@bellsouth.net</a>
Brazil	3150 SW 38th Ave, 1st Floor, Miami, FL 33146	305-285-6200	<a href="mailto:cg.miami@itamaraty.gov.br">cg.miami@itamaraty.gov.br</a>
Canada	200 South Biscayne Blvd, Suite 1600, Miami, FL 33131	305-579-1600	<a href="mailto:miami-gr@international.gc.ca">miami-gr@international.gc.ca</a>
Chile	800 Brickell Ave, Suite 1200, Miami, FL 33131	305-373-8623	<a href="mailto:miami@consulado.gob.cl">miami@consulado.gob.cl</a>
Colombia	280 Aragon Ave, Coral Gables, FL 33134	888-764-3326	<a href="mailto:cmiami@cancilleria.gov.co">cmiami@cancilleria.gov.co</a>
Costa Rica	2730 SW 3rd Ave, Suite 401, Miami, FL 33129	305-871-7485	<a href="mailto:concr-us-fl@rree.go.cr">concr-us-fl@rree.go.cr</a>
Denmark*	213 E Sheridan Street, Suite 3, Dania Beach, FL 33004	954-967-8800	<a href="mailto:jrosenthal@bellsouth.net">jrosenthal@bellsouth.net</a>
Dominican Republic	1038 Brickell Ave, Miami, FL 33131	305-358-3220	<a href="mailto:consuladodominicanomiami@gmail.com">consuladodominicanomiami@gmail.com</a>
Ecuador	117 NW 42nd Ave, Suites CU-4 & CU-5, Miami, FL 33126	305-539-8214	<a href="mailto:consulado@ecumiami.org">consulado@ecumiami.org</a>
El Salvador	8550 NW 33rd Street, Suite 100, Doral, FL 33122	305-592-6978	<a href="mailto:consulatecoralgables@rree.gob.sv">consulatecoralgables@rree.gob.sv</a>
France	1395 Brickell Ave, Suite 1050, Miami, FL 33131	305-403-4150	<a href="mailto:assistant-cg.miami-fslt@diplomatie.gouv.fr">assistant-cg.miami-fslt@diplomatie.gouv.fr</a>
Germany	100 N. Biscayne Blvd., Suite 2200, Miami, FL 33132	305-358-0290	<a href="mailto:info@miami.diplo.de">info@miami.diplo.de</a>
Greece	400 N Tampa Street, Ate 1160, Tampa, FL 33602	813-865-0204	<a href="mailto:grgencon.tam@mfa.gr">grgencon.tam@mfa.gr</a>
Grenada	400 Arthur Godfrey Blvd., Ste. 506, Miami Beach, FL 33140	305-570-2716	<a href="mailto:grenadaconsulatemiami@gmail.com">grenadaconsulatemiami@gmail.com</a>
Guatemala	1101 Brickell Ave, Suite 603-S, Miami, FL 33131	305-679-9945	<a href="mailto:consmiami@minex.gob.gt">consmiami@minex.gob.gt</a>
Guyana*	6444 NW 7th Ave, Miami, FL 33150	786-235-0431	
Haiti	259 SW 13th Street, Suite 3, Miami, FL 33130	305-859-2003	<a href="mailto:cg.miami@diplomatie.ht">cg.miami@diplomatie.ht</a>
Honduras	7171 Coral Way, Ste. 601, Miami, FL 33166	305-269-3131	<a href="mailto:gsimon@consuladohn.com">gsimon@consuladohn.com</a>
Israel	100 N Biscayne Blvd, Suite 1800, Miami, FL 33132	305-925-9400	<a href="mailto:concal.sec@miami.mfa.gov.il">concal.sec@miami.mfa.gov.il</a>
Italy	4000 Ponce De Leon Blvd, Ste 590, Coral Gables, FL 33146	305-374-6322	<a href="mailto:amministrativo.miami@esteri.it">amministrativo.miami@esteri.it</a>
Jamaica	25 SE 2nd Ave, Suite 609, Miami, FL 33131	305-374-8431	<a href="mailto:contactus@jamaicacgmiami.org">contactus@jamaicacgmiami.org</a>
Japan	80 SW 8th St, #3200, Miami, FL 33130	305-530-9090	<a href="mailto:info@mi.mofa.go.jp">info@mi.mofa.go.jp</a>
Lithuania*	2235 16th Ave N, St. Petersburg, FL 33713	727-895-4811	<a href="mailto:akarnavicius@ltconsulflorida.com">akarnavicius@ltconsulflorida.com</a>
Luxembourg*	10082 Montevina Drive, Estero, FL 33928	239-948-9680	<a href="mailto:luxconsul@comcast.net">luxconsul@comcast.net</a>
Mexico	1399 SW 1st Ave, 4th Flr, Miami, FL 33130	786-268-4900	<a href="mailto:info@mexicomiami.org">info@mexicomiami.org</a>
Netherlands	701 Brickell Ave, Suite 500, Miami, FL 33131	786-866-0480	<a href="mailto:mia@minbuza.nl">mia@minbuza.nl</a>

Consulates in South Florida

<b>Consulate</b>	<b>Address</b>	<b>Phone Number</b>	<b>Email</b>
Nicaragua	1332 W Flagler St, Miami, FL 33135	305-265-1415	<a href="mailto:lmartinez@cancilleria.gob.ni">lmartinez@cancilleria.gob.ni</a>
Norway*	806 S Douglas Rd, Suite 580, Coral Gables, FL 33134	305-358-4386	<a href="mailto:cg@rnccmiami.com">cg@rnccmiami.com</a>
Panama	5775 Blue Lagoon Dr, Suite 200, Miami, FL 33126	305-447-3700	<a href="mailto:ptymia@bellsouth.net">ptymia@bellsouth.net</a>
Paraguay	25 SE 2nd Ave, Suite 720, Miami, FL 33131	305-374-9090	<a href="mailto:info@consulparmiami.org">info@consulparmiami.org</a>
Peru	1401 Ponce De Leon Blvd, Coral Gables, FL 33134	786-713-2400	<a href="mailto:secretaria@consulado-peru.com">secretaria@consulado-peru.com</a>
Poland*	1440 79th Street Cswy #117, North Bay Village, FL 33141	305-866-0077	<a href="mailto:polconsulfl@yahoo.com">polconsulfl@yahoo.com</a>
Portugal*	3945 W. Whitewater Avenue, Weston, FL 33332	954-830-0662	<a href="mailto:rui.forcada@gmail.com">rui.forcada@gmail.com</a>
Romania*	641 S. Mashta Drive, Key Biscayne, FL 331349	305-361-6441	<a href="mailto:vlconsul@aol.com">vlconsul@aol.com</a>
Saint Kitts & Nevis*	6855 Red Road, Coral Gables, FL 33143	305-273-2333	<a href="mailto:briank@baptisthealth.net">briank@baptisthealth.net</a>
Saint Lucia	2 Alhambra Plaza, Suite 850, Coral Gables, FL 33134	305-377-0312	<a href="mailto:hipkent@aol.com">hipkent@aol.com</a>
Spain	2655 Le Jeune Rd, Suite 203, Coral Gables, FL 33134	305-446-5511	<a href="mailto:cog.miami@maec.es">cog.miami@maec.es</a>
Suriname	7205 NW 19th Street, Suite 302, Miami, FL 33126	305-463-0694	<a href="mailto:cons.miami@foreignaffairs.gov.sr">cons.miami@foreignaffairs.gov.sr</a>
Sweden	101 NE 3rd Ave, Suite 1700B, Fort Lauderdale, FL 33301	954-467-3507	<a href="mailto:fortlauderdale@consulateofsweden.org">fortlauderdale@consulateofsweden.org</a>
Switzerland*	1561 Agua Avenue, Coral Gables, FL 33156	305-377-6700	<a href="mailto:miami@honrep.ch">miami@honrep.ch</a>
Taiwan	2333 Ponce De Leon, Suite 610, Coral Gables, FL 33134	305-443-8917	<a href="mailto:tecomiami@gmail.com">tecomiami@gmail.com</a>
Thailand	2525 Ponce De Leon, Suite 300, Coral Gables, FL 33134	305-445-7577	<a href="mailto:operations@thaiconsulatemiami.com">operations@thaiconsulatemiami.com</a>
Trinidad & Tobago	1000 Brickell Ave, Suite 800, Miami, FL 33131	305-374-2199	<a href="mailto:consulatemiami@foreign.gov.tt">consulatemiami@foreign.gov.tt</a>
Turkey	80 SW 8th St, Suite 2700, Miami, FL 33130	786-655-0315	<a href="mailto:consulate.miami@mfa.gov.tr">consulate.miami@mfa.gov.tr</a>
United Kingdom	1001 Brickell Bay Drive, Suite 2800, Miami, FL 33131	305-400-6400	<a href="mailto:UKandFlorida@fco.gov.uk">UKandFlorida@fco.gov.uk</a>
Uruguay	2103 Coral Way, Suite 600, Miami, FL 33145	786-264-5354	<a href="mailto:cgmiami@mrree.gub.uy">cgmiami@mrree.gub.uy</a>
	* Honorary Consulate or Consulate General		



**POKOSYON:** Pa ale nan okenn biwo imigrasyon oswa nan tribal imigrasyon si ou pa gen papye. Piga ale nan tribal imigrasyon ak okenn lòt moun oswa nan imigrasyon pou mande yon keksyon. Ou sèl jan ou kapab ale se si yo ba ou oswa si ou resevwa yon notis nan men lapòs ki mande pou ou pwezante nan tribal imigrasyon. Si ou resevwa yon notis konsa epi ou pa ale, yap mete ou sou depôtasyon.

## Konnen Kat Dwa Ou

Detache kat sa-a ki anba-a epi sere li. Mache avèk li sou ou epi sèvi ak li! Si lapolis oswa imigrasyon keksyone ou oswa kenbe ou:

- Lonje ofisyè-a kat la epi pa di anyen.
- Kat sa-a eksplike wap ekzèse dwa ou genyen pou ou refize reponn oswa siyen anyen toutotan ou pa

## To Whom It May Concern:

Please be informed that I am choosing to exercise my right to remain silent and the right to refuse to answer your questions. If I am detained, I request to contact an attorney immediately. I am also exercising my right to refuse to sign anything until I consult with my attorney.



**Americans for  
Immigrant Justice**



Mé òganizasyon yo ki pwepare fèyè sa-a:

### Florida Immigrant Advocacy Center, Inc.

Yon òganizasyon ki bay sèvis gratis epi ki angaje'l pou li defann epi pwoteje dwa imigran ki soti nan nenpòt ki peyi.

3000 Biscayne Blvd. Suite 400, Miami, FL 33137  
(305) 573-1106  
[www.aijustice.org](http://www.aijustice.org)

### ACLU Foundation of Florida

Yon òganizasyon ki bay sèvis gratis epi ki angaje'l pou li pwoteje dwa sivil ak libète sivil.

4500 Biscayne Blvd. Suite 3400, Miami, FL 33137  
(786) 363-2700  
[www.aclufl.org](http://www.aclufl.org)

### The Florida Immigrant Coalition

Yon konbit eta-a kap goumen pou imigran ka jwenn yon tretman ki jis nan Florida.

2800 Biscayne Blvd., Suite 800, Miami, FL 33137  
(305) 571-7254  
[www.floridaimmigrant.org](http://www.floridaimmigrant.org)

Special thanks to the following organizations for information used in this pamphlet:

CASA of Maryland

Detention Watch Network

National Immigration Project of the National Lawyer's Guild

© FIAC, FLIC and ACLU Foundation of Florida,  
January 2009



# Konnen Dwa Ou!

**Nou Tout Gen  
Dwa**

Sa Imigran Bezwè Konnen.

## KONSEY JENERAL

Si ou pa gen papye epi yon ofisyè rete ou (Polis, FBI oswa Imigrasyon):

- Rete dousman epi byen janti.
- Pa bay ofisyèl gouvènman enfòmasyon sou kondisyon imigrasyon ou, ni tou pa di yo ki kote ou te fèt.
- Pa bay manti. Pa janm di yo ou se yon sitwayen meriken si sa pa vre.
- Pa mache ak papye ki soti nan yon lòt peyi (tankou paspò ak lisans). Yo ka sèvi ak dokiman sa yo pou yo mete ou nan pwosedì depòtasyon.
- Pa mache ak fo papye ki pa pou ou (tankou grenn kat oswa kat sekirite sosyal). Yo ka pouswiv ou tankou kriminèl akòz ou mache ak fo dokiman sou ou.
- Pa fè rezistans fizik ak yon ofisyèl gouvènman.
- Si yo mande ou nom ou, di yo nom ou men pa di anyen ankò.
- Mande yo si ou lib pou ou ale. Si yo di ou non, mande pou ou pale ak yon avoka.
- Moutre ofisyè yo Kat "Konnen Dwa Ou."

# LAKAY

## *Si Lapolis oswa Imigrasyon Vini Lakay Ou:*



- Ou gen dwa pou ou wè yon manda si lapolis, imigrasyon oswa lòt ofisyèl gouvènman eseye antre lakay ou. Yon manda arrestasyon se pou yon moun. Yon manda pou fouye bay ofisyèl gouvènman dwa pou fouye kèk kote nan kay ou.

- Pa louvri pòt la. Mande ofisyèl yo pou yo glise manda-a anba pòt la. Ou pa oblige epi ou pa ta dwe dakò pou yo fouye kay ou, kèlkeswa se pawòl nan bouche oswa ak yon manda.

- Si ofisyèl yo antre lakay ou san yon manda , pa fè rezistans fizik ak yo. Rete dousman epi di yo ou pa vle yo vini lakay ou. Mande yo nom yo ak nimewo baj yo epi ekri yo.

- Si ofisyèl yo gen yon manda arrestasyon, nom moun ki sou manda-a dwe soti deyò. Pa kite ofisyèl yo antre lakay la.

- Si ofisyèl yo gen yon manda pou fouye, li ki kote nan kay la yo gen dwa fouye epi veye si yo fouye lòt kote ki pa sou manda-a. Fè ofisyèl yo ba ou yon resi pou chak bagay yo pwan.

**POKOSYON:** *Si ofisyèl imigrasyon antre lakay ou, yo ka eseye keksyonen nepòt lòt moun yo jwenn sou zafé papye imigrasyon yo.*

# NAN TRAVAY OU

## *Si Lapolis oswa Imigrasyon Vini nan Travay ou:*



- Pou yo kapab antre nan travay ou, ofisyèl yo bezwen gen yon manda oswa pèmisyon mèt travay la. Men, si kèk pati nan travay la se yon zòn piblik, tankou sèksyon kote moun manje nan yon restoran, ofisyèl yo pa bezwen yon manda pou yo antre nan zòn piblik la.

- Rete dousman. Pa kouri. Si ou kouri oswa ou ezite, sa ka yon pwèv ki moutre ou pa gen papye.

- Si ofisyèl yo poze ou keksyon, di yo ou pa vle reponn keksyon yo epi mande yo si ou lib pou ou tounen nan travay ou.

- Si yo mande ou nom ou, bay yo nom ou men pa di anyen ankò.

- Si yo di ou ou pa lib pou tounen nan travay ou, moutre yo Kat Konnen Dwa Ou.

# NAN MACHIN

## *Si lapolis rete machin ou:*



### Chofè:

- Ofisyèl polis ap mande ou pou lisans ou, rejistrasyon ak pwèv asirans. Ou dwe ba yo dokiman sa yo si ou genyen yo.

- Si ofisyèl polis mande ou nom ou, ou dwe di yo nom ou men pa dwe di yo anyen ankò.

- Si lapolis poze ou keksyon sou papye imigrasyon ou oswa sou pasajè ki nan machin ou, ou pa oblige reponn keksyon sa yo. Di polis yo ou pa vle reponn keksyon sa yo epi ba yo Kat Konnen Dwa Ou.

- Pa dakò pou yo fouye ou, ni tou pa siyen okenn papye ki di ou dakò pou yo fouye ou.

### Pasajè:

- Si lapolis poze ou keksyon, mande yo eske ou oblige reponn.

- Si lapolis di wi, ou ka di yo nom ou, men ou pa bezwen di yo anyen ankò.

- Ba yo Kat Konnen Dwa Ou.

# NAN LARI

## *Si Lapolis oswa Imigrasyon Rete Ou nan Lari oswa nan yon Plas Piblik:*

- Rete Dousman. Pa kouri. Mande yo si ou lib pou ou ale, menm si ofisyèl yo koumanse poze ou keksyon.

- Si ofisyèl yo di ou lib pou ou ale, vire do ou.

- Si ofisyèl yo di ou pa lib pou ou ale, moutre yo Kat Konnen Dwa Ou. Si yo mande ou pou idantifikasyon ou, di yo nom ou men pa di anyen ankò.

- Pa fè rezistans fizik ak ofisyèl yo.

*Remak: Si ofisyèl imigrasyon rete ou nan lari epi yo pa gen yon manda yo gen dwa pa arete ou eksepte si yo gen pwèv ou ilegal. Si ou pa gen papye, pa di yon ofisyèl kondisyon imigrasyon ou ni ki kote ou te fet. Pa mache ak okenn papye ki soti nan peyi ou ni ak okenn fo papye.*

# Zòn Danje pou Imigran ki pa gen Papye

Yo konnen Imigrasyon rannmase moun nan zòn sa yo. Si ou pa gen papye, ou bezwen evite pou ale nan:

- Greyhound oswa Estasyon Bis oswa pwan bis pou ou ale kote ki lwen.

- Pwizon ak Biwo Pwobasyon

- Aewopò

- Aligetò Ali

- Marina ak lòt Pò

- Estadiòm oswa biwo gouvènman

- Biwo Lisans

